



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 12 out 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NORTH SHORE TRAIL AP RELOUVRI NAN NIAGARA FALLS STATE PARK**

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation jodi a te anonse ouvèti North Shore Trail la nan Niagara Falls State Park apre yon reparasyon ki koute \$1.03 milyon. Pis popilè sa ki te jwenn bourad lajan NY Works Program Gouvènè Cuomo a ak New York Power Authority's State Parks Greenway Fund, pral konekte kounye a Goat Island ak Luna Island atravè yon wout ki gen lonbraj ak bèl peyizaj, epitou pral bay wout pou rive nan Luna Island pou moun andikape ki pa te egziste anvan sa. Anplis travay sa, yo ajoute nouvo mèb pou deyò, twotwa, ekleraj ak peyizaj ansanm ak yon kantite vi kote vizitè ka wè rapid Niagara River la anvan li plonje nan American Falls la.

Ou ka wè foto ki soti nan North Shore Trail [isit la](#).

“Amelyorasyon sa yo pral pèmèt tout vizitè jwi vi estabòdinè ki genyen sou North Shore Trail la ak bote natirèl Niagara Falls State Park,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Rejyon Lwès New York ap bouje epi pwojè sa se yon rezon anplis pou vizite epi wè sa rejyon sa gen pou l ofri.”

Niagara Falls State Park sou lis Rejis Eta a ak Rejis Nasyonal Plas Istorik yo epi atire plis pase 8 milyon vizitè chak ane. Se LA Group nan Saratoga Springs ak TY LIN nan Buffalo ki te konsevwa pwojè North Shore Trail la, epi se Scott Lawn Yard nan Sanborn ki te fè travay la. Reparasyon North Shore Trail la rapousiv ak investisman \$40 milyon ki fèt nan Niagara Falls State Park la. Pami pwojè ki te fini anvan sa genyen Luna Island, Three Sisters Islands ak Prospect Point.

Rose Harvey, Komisyònè New York State Parks, Recreation and Historic Preservation, te di konsa, “Pis sa se petèt pi ski gen pi bèl peyizaj nan tout pis Niagara Falls State Park yo. Sa touche m lè m konnen vizitè nou yo ki andikape ka kounye a amize yo la epi sa se yon bèl koneksyon san danje nan Luna Island.”

Gil C. Quinones, Prezidan ak Direktè Egzekitif New York Power Authority te di konsa, “Reouvèti North Shore Trails nan Niagara Falls State Park, pral pèmèt plizyè milyon touris jwi tout sipèb kèk nan trezò natirèl rejyon sa. Bourad lajan pou pwojè sa, ki soti nan renovèlman lisans Niagara Power Project la, se yon lòt egzanp angajman dyanm Power Authority pou kominote ki antoure tout enstalasyon nou yo.”

Manm Asanble John Ceretto te di konsa, “Rekonstriksyon North Shore Trail la nan Niagara Falls State Park la founi aksè amelyore nan youn nan pi bèl resous natirèl New York. Envestisman nan pwojè enfrastrikti rekreyasyon pèmèt fanmi ak vizitè yo nan Western New York pwofite yon pi bon eksperyans anplennè. Amelyorasyon nesèsè sa yo pral ede plizyè milye vizitè, san bliye moun andikape, gen yon bèl vizit nan Falls yo.”

Majistra Paul Dyster te di konsa, “Niagara Falls State Park se youn nan pi gwo atou rejyon an, se pou sa mwen sipòte pwogram NY Works la. Plan enpòtan sa a finanse amelyorasyon park apa lòt pwojè nan benefis rezidan ak vizitè. Rejyon sa a se yon teren jwèt natirèl pou moun kap monte bato, pechè ak lòt amatè aktivite anplennè, ak angajman san rete nou pou fè pwomosyon ak amelyore zòn nan enpòtan pou ekonomi an ak ranfòsman endistri touris nou an kap grandi.”

Nouvo enstalasyon yo souliyen angajman Gouvènè Cuomo pou l amelyore State Parks epi bay plis aksè nan aktivite lwazi anplennè. Gouvènè a te rantre yon twazyèm seri \$90 milyon dola nan bourad lajan New York Works pou amelyorasyon State Park ak sit istorik yon an Bidjè Eta 2014-2015. New York Works la Gouvènè a te lanse nan lane 2012, ap vanse ak pwojè reparasyon ak amelyorasyon nan 109 pak ak sit istorik Eta a toupatou nan eta.

Se NYPA ki te kreye State Park’s Greenway Fund nan kad akò pou renouvèlman lisans Niagara Power Project li a nan lane 2007. Premye akò a te prevwa \$3 milyon nan lajan pou finanse State Parks Greenway Fund chak ane, pandan dire 50 lane nouvo lisans la. Nan lane 2012, NYPA te akselere kontribisyon nan Fon an pou te jwenn touswit \$25 milyon pou sipòte plan detaye State Park la pou repare Pak la.

New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation ap sipèvizite 180 pak ak 35 sit istorik eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite [www.nysparks.com](http://www.nysparks.com), konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE